# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–10 अक्टूबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर में यूपी ट्रेड शो स्वदेसी मेला क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री कहलें कि बरिस दुइ हजार सतरह के पहिले जवने प्रदेस में उद्यम लगावल एगो सपना रहल, आजु ओही प्रदेस में छानबे लाख एमएसएमई यूनिट फेर से पुनर्जीवित भइल हो। मुख्यमंत्री घोसणा कइलें कि प्रदेस में इलेक्ट्रिक बसन के मैन्युफैक्चरिंग क एगो नया केन्द्र क उद्घाटन होखे जा रहल बा।

***इलेक्ट्रिक बसेज उत्तर प्रदेश के अंदर सभी बड़े महानगरों में हमने प्रारंभ कर दी है और उत्तर प्रदेश के अंदर इस महीने हम लोग इलेक्ट्रिक बसेज के मैन्युफैक्चरिंग का भी एक नया केन्द्र एक नये उद्यम का उद्घाटन करने जा रहे हैं। आप अनुमान करिए कि अब उत्तर प्रदेश में ही इलेक्ट्रिक बस बनेंगी।***

मुख्यमंत्री लोगिन से दिवाली पर स्वदेसी समानन के खरीददारी कइले क अपीलि कइलें। उहां के कहलीं कि देस के अन्दर सबसे बेसी जीआई टैग उत्तर प्रदेस के प्रोडक्ट्स के मिलल हो। प्रदेस क कारीगरन अउर हस्तसिल्पियन के ओरि से बनावल जाये वाला समान अब देस अउर दुनिया में कतहूं बिकि सके ला।

मुख्यमंत्री आजु गोरखपुर में सरकार क आवासीय परियोजना के तहत ईडब्ल्यूएस अउर एलआईजी फ्लैट्स कै आवंटियन के चाभियो दिहलें। सथहीं उहां के एक सौ अठारह करोड़ रूपिया लागति के कई गो लोक कल्याणकारी परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलीं। हमरे गोरखपुर प्रतिनिधि बतवलें कि अपने दौरा के दुसरका दिन्ने मुख्यमंत्री आजु भिन्नहीं गोरखनाथ मंदिर परिसर में आयोजित जनता दरसन कार्यक्रम में लोगिन क समेस्या सुनलें। उहां के सम्बन्धित अधिकरियन के हर फरियादी के समेस्या क जल्दिये समाधान कइले क निरदेस दिहलीं।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने नई दिल्ली में पूसा परिसर से प्रधानमंत्री धन–धान्य योजना अउर दलहन आत्मनिर्भरता मिशन क सुभारम्भ करिहें। कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलें कि येह योजना में सरकार कम उत्पादन वाले सौ जिलन क पहिचान करी आ उत्पादन बढ़ावे बदे लक्षित उपाइनि के लागू करी।

***भारत दालों का सबसे बड़ा उत्पादक भी है, उपभोक्ता भी है, लेकिन सबसे ज्यादा आयात भी भारत ही दालों का करता है तो दलहन के क्षेत्र में अभी हम आत्मनिर्भर नहीं बने हैं। दालों में आत्मनिर्भरता प्राप्त करने के लिए दलहन मिशन कृषि और किसान कल्याण विभाग ने बनाया है। इस दलहन मिशन में हमारा लक्ष्य है 2030–31 तक हम दालों के क्षेत्रफल भी बढ़ाएंगे।***

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के ओरि से घोसित आ पछिला महिन्ना के बाइस तारीख के सुरू भइल जीएसटी बचत उत्सव समाज के सज्जो वर्ग के लाभ पहुंचा रहल बा। एगो रिपोर्ट–

***नया जीएसटी सुधार, किसानन, निर्माता लोगिन अउर छोटहन उद्योगन के ढेर राहति ले के आइल हो। संसोधित कर ढांचा में कई गो समानन पर जीएसटी दर में कमी कइल गइल बा, जेहसे ई समान ढेरे किफायती हो गइल हो। ऑटोमोटिव पार्ट्स पर जीएसटी अट्ठाइस फीसदी से घटा के अठारह फीसदी कइले से गाड़ी अउरियो सस्ता होइहें। कृषि अउर एहसे जुड़ल क्षेत्रन में कृषि मसीनरी, औजार अउर उर्वरकन पर जीएसटी दर अठारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। आकाशवाणी दिल्ली से चन्द्रशेखर शर्मा के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

अजोध्या के पूराकलंदर थान्हा इलाका के पगला भारी गांव में काल्हि भइल बिस्फोट से छत गिरले के घटना में मरे वालन क संख्या बढ़ि के छौ हो गइल बा। बिस्फोट के नाते काल्हि पांच जने क मउति भइल रहे। आजु मलबा हटवले के दौरान एगो अउरियो लासि बरामद कइल गइल। ओइजा क पुलिस अधीक्षक डॉक्टर गौरव ग्रोवर बतवलें कि प्रथम दृष्टया घटना क कारण सिलिण्डर बिस्फोट लगि रहल हो।

***मौके पर जो प्रथम दृष्टया दिख रहा है की जो किचन के बर्तन होते हैं वो काफी बड़ी मात्रा मे बिखरे हुए हैं। क्षतिग्रस्त हुए हैं और वहां पर ही ये संभवत यह घटना हुई है। वहीं की छत गिरी है।***

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ घटना पर गहरा दुख जतावत सोक–संतप्त परिजनन बदे संवेदना जतवले हवें। उहां के येह हादसा के दुर्भाग्यपूर्ण बतवले हईं।

**********

आजु विस्व मानसिक स्वास्थ्य दिवस मनावल जा रहल बा। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एगो सोसल मीडिया पोस्ट में लोगिन से अइसन माहौल बनवले क निहोरा कइले हवें, जहवां मानसिक स्वास्थ्य पर खुलि के बातचीत कइल जा सके।

विस्व मानसिक स्वास्थ्य दिवस पर प्रदेस के अलगि–अलगि जिलन में कई गो आयोजन कइल जा रहल बा। हमरे कौशाम्बी प्रतिनिधि बतवलें कि येह मौका पर आजु ओइजा के महर्षि कॉलेज ऑफ लॉ में जिला विधिक सेवा प्राधिकरण के जरिया से साक्षरता आ जागरूकता सिविर क आयोजन कइल गइल।

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी इलाकन में आवे वाला सोरह अक्टूबर ले मौसम सुस्क रहले क सम्भावना जतवले हो।

**********